

Terps Ansanm

26 dawout 2024

Kamarad Terrapins mwen yo,

Èske nou konnen kisa mwen plis renmen konsènan premye jou semès otòn nan? Se yon premye jou pou chak grenn nan nou. Menm pwofesè tankou mwen ki sou kanpis la depi plizyè deseni toujou epwouve sansasyon premye jou a. Estaf pèsònèl enkwayab nou an santi li tou.

Nouvo semès la sou do pye nou, e nou pral atake li ansanm. Sa vle di Terps ap veje sou lòt Terps. Nou gen pou n [prepare pou eleksyon an ansanm](#), debat ak an dezakò ansanm, epi fè yon plan pou vote ansanm.

Nan pa lontan, nou gen pou n entwodui yon nouvo resous ki senplifye sou kanpis la ki fè li pi fasil pou nou tout priorize sante mantal nou ak byennèt nou. Nou gen pou n pataje rezilta [Sondaj sou Apatnans ak Kominote](#) a anpil nan nou te patisipe ladan l ane ki sot pase a, ki abòde lakin ki genyen yo epi elabore plan pou pote amelyorasyon. Tout sa a se nan kad rechèch ekselans ak yon kanpis miltikiltirèl ak enklizif - pi gwo priyorite mwen depi premye jou mwen pase kòm prezidan.

Kidonk, an n gade yon match ansanm epi [ankouraje Terps nou yo](#), epi an n enpresyone devan kreyativite kominote nou an nan [NextNOW Fest](#). Mande m yon epeng tòti (turtle pin) si ou wè m jodi a oswa nenpòt jou nan ane a.

Epi pa bliye make kalandriye nou pou [Salon Premye Koutje a \(First Look Fair\)](#) ak [Konvokasyon an](#), kote nou ka konekte ak lòt Terps ki pataje pasyon ak enterè nou yo. Gen yon

premye fwa pou tout bagay, e tout sa ap kòmanse kounye a.

Sensèman,

A handwritten signature in black ink that reads "Darryll J. Pines". The signature is written in a cursive style with a large initial "D" and a distinct "Pines" at the end.

Darryll J. Pines

Prezidan, Inivèsite Maryland